

Ap Vini nan Dat 12 Avril 2021



Yon mouvo fason pou kliyan DART yo deplase ant Georgetown ak Millsboro.

DART Connect se eksperyans transpò an komen nan Delaware.

Kisa DART Connect ye?

DART Connect se yon nouvo sèvis mikwotranzit ki itilize ti veyikil ki pi piti pou bay sèvis sou demann kliyan yo.

Kijan DART Connect fonksyone?

Itilizatè yo rele 1-800-652-DART, opsyon 3 oswa itilize Aplikasyon DART Connect la pou mande yon kous. Yon veyikil pase pran kliyan yo nan yon lye ki sekirize nan yon distans li ka mache ki toupre lokalizasyon an yo te mande pou pase pran yo a. Kous yo pataje; yo pral pase pran lòt kliyan ki prale nan menm direksyon an epi depoze yo sou wout la.

Kikote li pral fonksyone?

DART Connect pral fonksyone nan ak ant vil ki entegre nan Georgetown ak Millsboro menm jan ak US 113 ant vil yo. Kliyan DART yo ka konekte ak otobis Dart yo ki genyen nimewo 206, 212, 215 ak 303 yo nan arè otobis aktyèl yo oswa yo ka itilize sèvis la pou deplase nan zòn mikwotranzit yo.

Nan ki lè li pral fonksyone?

DART Connect pral fonksyone ant 5:45 am - 8 om Lendi jiska Vandredi.

Kimoun ki ka itilize DART Connect?

DART connect disponib pou tout moun ki bezwen yon kous nan ozwa ozalantou Georgetwon, Millsboro oswa nan anndan zòn sa yo.

Èske DART Connect ranplase aktyèl Wout Flex yo?

DART Connect pral ranplase Wout Flex 901 ak 902 yo. DART Connect itilize menm veyikil yo epi li pral opere pa menm chofè DART yo, ki pral ofri kliyan yo plis trajè dirèk, trajè ki pratik ak trajè ki frekan yo pou plizyè douzèn nouvo destinasyon. WOut Flex 903 (Seaford) pa fè pati chanjman sa a epi li pral kontinye antanke Wout Flex.

Èske genyen yon sèvis chèn woulant ki disponib?

Wi, yo pral pase pran kliyan k ap itilize yon chèn woulant yo epi depoze yo osi posib de pwen pikòp ak pwen depozisyon kliyan an. Kliyan yo note itilizasyon yon chèn woulant nan aplikasyon DART Connect la oswa lè l ap mande yon kous nan telefòn.

Konbyen li koute?

Pri pou itilize DART Connect la se menm ak tarif Otobis Dart la - \$2 pa kous. Tikè pa jou, pa semèn, pa 30 jou ak tikè milti-trajè yo disponib. Ou ka perye tarif yo pandan w ap itilize lajan kach oswa aplikasyon DART Pass la.

Kilès VIA ye?

VIA Transportation se yon antrepriz lojisyèl ki espesyalize nan operasyon mikwo-tranzit. VIA se patnè pwojè Delaware Transit Corporation (DTC). Aplikasyon DART Connect la, menm jan ak teknoloji mikwo-tranzit sou demann ki gide chofè yo, te devlope pa VIA. Byenke VIA opere sèvis mikwotranzit yo nan tout monn lan, DART ap opere pa kounyeya dirèkteman pa kontraktè DTC nan Konte Sussex, First Transit, ak pwodwi lojisyèl ki sou lisans VIA.

Pou plis enfòmasyon, vizite:

www.dartfirststate.com/programs/dartconnect

oswa voye yon imèl ban nou nan

DTC_DARTConnect@delaware.gov

